

Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE MENNEN 1,000 EGZÈSIS KONJWEN
KONT TEWORIS ATRAVÈ ETA NEW YORK LA AN 2018**

***Egzèsis yo ap Ranfòse Sekirite Paske y ap Ankouraje Biznis yo, Òganizasyon yo
ak Popilasyon an pou yo Rapòte Aktivite yo Sispèk yo Byen Rapid***

***Yo te Mennen Ven Egzèsis nan kad Operasyon “NY-SECURE” la nan Estasyon
Tren Atravè Eta a yo pou Amelyore Kowòdinasyon ant Ajans Fòs Lapolis yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Biwo Kont Teworis (Office of Counter Terrorism) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) te mennen egzèsis kont teworis nan 1,000 lokalite an 2018. Pandan chak egzèsis, espesyalis kont teworis ki soti nan ajans eta ak lokal yo te pase an ajan sekre kòm si yo se kliyan epi yo te evalye kapasite biznis yo pou yo rekonèt epi rapòte aktivite yo sispèk yo. 1,000 egzèsis yo te mennen an 2018 la yo reprezante yon ogmantasyon 56 pousan nan jan de operasyon sa yo depi 2016 lè Gouvènè Cuomo te bay Divizyon an lòd pou yo agrandi yo nan Diskou Eta Leta li a. Anplis de sa, Divizyon an te fè patenarya ak fòs lapolis federal, eta, ak lokal yo nan kad Operasyon “NY-SECURE” (Operation NY-SECURE) la kote yo te mennen 20 egzèsis kont teworis ak repons a ensidan nan estasyon tren yo toupatou atravè eta a.

“Menas teworis pap janm entimide Eta New York, men nou ap toujou prepare nou pou lè l parèt pwent tèt lach li a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Egzèsis sa yo jwe yon wòl enpòtan nan efò n ap fè pou nou ranfòse eta preparasyon kont teworis fòs lapolis yo epi yo sèvi kòm yon rapèl pou biznis yo ak pou popilasyon an anjeneral pou yo ka rete an alèt epi rapòte aktivite yo sispèk yo lè yo wè yo.”

Ane sa a, Biwo Kont Teworis la te fè patenarya ak plis pase 400 pèsonèl fòs lapolis ki soti nan 100 ajans atravè eta a pou yo mennen egzèsis sa yo nan chak konte. Yo te mennen egzèsis yo nan yon bann seri biznis ki ofri pwodui oswa sèvis moun ka itilize pou yon bann potansyèl konplo teworis. Presizeman, ekip yo te evalye 172 ajans lokasyon kamyon, 134 kenkayri, 111 otèl, 75 magazen vant an detay kote yo vann dwòn, 69 magazen ki vann zam ak atik espòtif, ansanm ak yon seri gran magazen vant an detay ak gran biznis ki vann pwodui chimik oswa konpozan yo itilize nan konstriksyon dispozitif eksplozif yo. Yo te mennen plis egzèsis tou nan yon seri lokalite kote yo konn fè rasanbleman an mas yo, tankou nan estad yo, sant transpò an komen yo, sant komèsyal yo, inivèsite yo, ak nan lopital yo.

Estrateji yo itilize lè y ap mennen egzèsis sa yo nan diferan biznis sa yo te ogmante sansibilizasyon pou yo idantifye epi rapòte aktivite yo sispèk yo nan fason efikas ki ka fè yo rive arete koupab yo. Pa egzanp, nan prentan 2018 la, yon gran magazen vant an

detay te kontakte depatman lapolis lokal li a pou yo rapòte yon kliyan ki te achte atik yo jije ki te sispèk. Aprè plizyè ajans fòs lapolis te mete ansanm pou yo fè yon ankèt sou rapò a, yo te rive arete yon moun epi akize l pou posesyon dispozitif destriksyon ak yon zam silansye, ansanm ak itilizasyon idantite fo pou l achte yon fizi. Ka tankou sila sa yo se evidans ki pwouve efikasite pwogram lan nan efò pou amelyore atitud global New York nan lit kont teworis la.

Etan done siksè egzèsis sa yo, Gouvènè a te mande pou yo plis agrandi pwogram lan pou l kouvri sit enfrastrikti esansyèl yo nan Diskou Eta Leta Ane 2019 li a. Agrandisman sa a pral ede plis sansibilize pwopriyetè ak operatè enfrastrikti esansyèl yo sou menas etablisman sa yo ap konfwonte ak mezi yo ka pran pou atenye menas sa yo.

“Youn nan fason ki pi enpòtan sitwayen New York yo ka kontribiye pou asire sekirite piblik se pou yo rapòte aktivite yo sispèk yo bay fòs lapolis”, **Komisè Pa Enterim Ajans Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan, Patrick A. Murphy te deklare.** “Pwogram edikasyon sa a souliye lefèt ke tout Nouyòkè yo gen wòl pou yo jwe nan prevansyon zak teworis yo, epi biznis yo ak anplwaye yo jwe yon wòl enpòtan nan rapò aktivite yo sispèk yo.”

Anplis de 1,000 egzèsis yo, Divizyon an te fè patenarya ak ajans fòs lapolis federal, eta, ak lokal yo nan kad Operasyon “NY-SECURE” la pou yo mennen egzèsis kont teworis ak repons a ensidan sou wout Amtrak la yo ak liy tren banlye Otorite Transpò Metwopoliten an yo (Metropolitan Transportation Authority, MTA). Objektif operasyon an se pou amelyore kowòdinasyon ak repons ant ajans lapolis wout tren an yo ki responsab pou chak estasyon yo, ak ajans fòs lapolis eta ak lokal yo k ap reponn lè gen ijans nan lokalite sa yo. Egzèsis vizib sa yo gen ladan yo aktivite tankou patwouy ki pi entans sou platfòm yo, ogmantasyon prezans fòs sekirite sou tren yo, rechèch ak chyen ki espesyalize nan deteksyon eksplozif yo, ak mezi kont-siveyans yo. Operasyon “NY-SECURE” la te mennen sis egzèsis a plizyè pòs nan estasyon Amtrak ak estasyon MTA yo sou Liy Empire a, ak 14 evènman adisyonèl a yon sèl pòs nan estasyon atravè Eta a yo.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [paj Facebook](#), swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#), oswa vizite dhses.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)